

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Sacara umum ieu panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra dina Novelét *Embah Jambrong* Karya Tjaraka” miboga udagan pikeun maluruh struktur carita jeung antropologi sastra. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novelét *Embah Jambrong* karya Tjaraka. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Robert Stanton anu ngawengku téma carita, fakta carita (galur, palaku, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa) anu satuluyna maluruh antropologi sastra ngagunakeun tiori antropologi sastra Al-Biruni nu diformulasikeun deui ku Isnéndés anu nalungtik antropologi sastra ngagunakeun pamarekan induktif. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik pikeun ngadéskripsikeun data anu aya dina objék nu ditalungtik, kalawan ngagunakeun téhnik tala’ah pustaka. Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital struktural jeung kartu data digital antropologi sastra.

Kacindekan ieu panalungtikan ngeunaan struktur ngawengku téma, galur, palaku, latar, judul, puseur implengan jeung gaya basa. Téma dina ieu novelét sabada dipaluruh pasualan-pasualan anu aya dina eusi carita, nyaéta ngeunaan perjuangan mertahankeun kabudayaan sorangan tina lobana pangaruh budaya séjén. Galur carita nu digunakeun dina ieu novelét téh nyaéta galur maju, jalan caritana mérélé ti mimiti nepi ka ahir. Lian ti éta kapaluruh ogé tahapan-tahapan galur anu ngawengku *situation, generating circumstances, rising action, climax, jeung denouement*. Palaku anu kapanggih dina ieu novelét nyaéta aya 42 palaku, anu kabagi jadi palaku utama nyaéta Jaka atawa Jakaprakasa atawa Embah Jambrong jeung Nyi Sari, jeung palaku tambahan. Kabagi ogé kana palaku protagonis jeung antagonis. Latar tempat anu kapaluruh dina ieu novelét aya 160 latar tempat, 75 latar waktu jeung 12 latar sosial budaya. Sarana sastra anu ngawengku judul nyaéta “Embah Jambrong” anu mangrupa ngaran Jaka atawa palaku utama dina ieu

novelét. Puseur implengan dina ieu novelét ngagunakeun puseur implengan jalma katilu - tan watesan. Gaya basa anu kapanggih dina ieu novelét aya dalapan nyaéta gaya basa kadalon, lalandian, mijalma, ngomong seukuet, ngupamakeun, nyungkun, perwatek, rarahulan.

Antropologi sastra anu dipaluruh dina ieu novelét ngawengku ékonomi (sistem barter), kadaharan (sambel goang, karedok hiris, karedok leunca, leumeung, kulub waluh, bubuy hui, panggang mencek, dééng mencek, kéré mencek, kéjo, lalawuhna, tumpeng, jeung bakakak), kalungguhan tradisional (Prajurit, Patalukan, Panglima, Budak Angon, Hulubalang, Raja Sékéloa, Kokolot Sékéloa, Kapetengan Sékéloa, Dalem, Senapati, Mantri, jeung Panembahan), pakasaban (ninun jeung ngebon), tutuwuhan (pucuk daun sélong, saliara, areuy, jukut, haréndong, waluh, putat, lampeni, hui, waluh, bonténg catang, jukut riut, jagong, awi haur), sasatoan (hayam, munding, anjing, kukuk beluk, bebencé, maung, embé, peucang, tikukur, mencek, gaang, jangkrik, bangbara, odéng, nyiruan, canghégar, bango butak, kuntul, heulang, hayam leuweung, kasintu, manuk saéran, bagong, mencek, manuk piit, bondol jeung ékék), élmu tatanén (élmu ngeunaan gemuk jeung élmu ngeunaan kumaha tutuwuhan kawin jeung tumuwuh), pangaweruh astronomi (pangaweruh usum), kapercayaan (rahayat nu masih kénéh ngagem kana tali paranti karuhun, masih babakti ka dedemit, jeung *Islamisasi* ti Kasultanan Banten), toponimi (ngaranan lembur Sékéloa, Jayakarta, Kiaraeunyeuh jeung Warudoyong, jeung Paurdak), wawangunan (imah, gedogan, saung lisung, tampian, golodog, ranggon, pitapak, karaton, paranjé), kaulinan barudak (galah, sesedekan ku jeruk, ucing-ucingan, oray-orayan, hahayaman, jeung ulin tokécang), kasenian kawih jeung kakawihan (ngagondang jeung kawih pangpring), konsép geulis (awakna montok, susu nyeuntreu kawas buah gedong mengkel, tonggong nu bongkokméongeun, leungeun buleud ngeusi, beungeutna buleud katempo gadona jiga dua, lintuh matut kaimbang ku awakna, panonna jauh deuleu, halisna nu melengkung leutik kawas jelér paéh, buukna hideung meles, ramo mecut lemes jeung kuku lancip pulas beureum), konsép kasép (leungeunna keker, awakna ngeusi, sukuna kuat, pannonna buringas diauban ku halis kandel kereng, irungna mancung dua liangna gedé, biwirna kandel, tarangna lega, buukna ngarumbay, dadana rubak jeung warugana

dedeg-pangadeg panceg-pageuh), raksukan (cawet lénéng, samping celep hideung, soléntrang, bajukurung, karémbong, gelung, baju hideung kamprét gombrang, totopong wulung barangbang semplak, calana panjang komprang).

Dumasar kana kacindekan di luhur, novelét *Embah Jambrong* karya Tjaraka téh miboga struktur carita anu lengkep anu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana sastra. Pon kitu deui dina bagéan antropologi sastrana, unsur antropologi sastra nu kapanggih téh euyeub sabab dina ieu novelét réa anu masih kénéh tradisional anu can ka keunaan ku éra *globalisasi* atawa alam kasajagatan.

5.2 Rékoméndasi

Sabada panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun ka panalungtik satuluyna, masarakat akademik, jeung masarakat pamaca. Éta rékoméndasi téh wincikanana ditétélakeun saperti kieu.

Pikeun panalungtik, gedé harepan dina panalungtikan satuluyna perkara ngaguar struktur jeung antropologi sastra dina novelét bisa leuwih nyosok jero deui, leuwih taliti, sangkan naon-naon nu jadi kahéngkéran dina ieu panalungtikan bisa disingkahan. Iwal tí éta, gedé harepan bisa ngeuyeuban analisis novelét ngagunakeun tiori jeung métodologi nu séjén, lain ngagunakeun pamarekan nu geus kungsi digunakeun.

Pikeun masarakat akademik, dipiharep aya nu nalungtik tina jihat paélmuan nu séjén ngeunaan eusi dina novelét, kabasaanana, atawa prosés kréatif pangarang, sangkan maksud jeung amanat nu rék ditepikeun ku pangarang bisa leuwih pertéla, gampang dipikaharti, tur nyugemakeun pamaca.

Pikeun masarakat pamaca, gedé harepan hasil tina ieu panalungtikan buku novelét *Embah Jambrong* karya Tjaraka téh bisa dibaca, méré mangpaat, sarta jadi bahan bacaan ilmiah nu bisa ngajembaran pangaweruh nu euyeub ku unsur kabudayaan. Hal eta minangka tarékah aprésiasi jeung literasi kana kasusastraan Sunda, hususna novelét.